**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ҚАСЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ**

"Тастыйықлайман»
Аймақлық орай директоры
_________________
К.Убайдуллаев
"______"___________ 2015 йил

# ТЕСТОЛОГИЯ ТИЙКАРЛАРЫ МОДУЛИ БОЙЫНША

# ОҚЫЎ МЕТОДИКАЛЫҚ КОМПЛЕКС

**Нөкис – 2015**

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ҚАСЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ**

# ТЕСТОЛОГИЯ ТИЙКАРЛАРЫ МОДУЛИ БОЙЫНША

# ОҚЫЎ МЕТОДИКАЛЫҚ КОМПЛЕКС

Дүзиўши: п.и.к. З.К.Курбаниязова

**Нөкис – 2015**

## МАЗМУНЫ


ИС БАҒДАРЛАМА ........ 4

ЛЕКЦИЯ ТЕКСТЛЕРИ ........ 10

1-ТЕМА. Тестология пәнининң предмети, мақсет ҳәм ўазыйпалары. Тийкарғы түсиник ҳәм принциплери ........ 10

2-ТЕМА. ТЕСТ ДҮЗИЎ МЕТОДИКАСЫ ........ 22

ТЕСТ СОРАЎЛАРЫ ........ 25

# ИС БАҒДАРЛАМА

## I. Модулдиң мақсети ҳәм ўазыйпалары:

- Тыңлаўшыларға тестология түсиниги, тестологияның пән сыпатында қәлиплесиў басқышлары, Өзбекистан тәлим системасында тест тапсырмаларының қолланылыўы ҳаққында салыстырмалы, аналитик мағлыўматларды бериў, заманагөй педагогикалық технологиялардан пайдаланған ҳалда тыңлаўшылардың қәнигелигин жетилистириўге жәрдем бериў;
- тест тапсырмаларының мазмуны, тест дүзиўдиң теориялық тийкарлары, оларды тәлим-тәрбия процессинде қолланыўдың абзаллықлары ҳаққында ислеп шығылған тийкарларды сәўлелендириў ҳәм тыңлаўшыларда тестлерди анық илимий-теориялық анализлеў, реаль баҳалаў ҳәм еркин пикирлеўди қәлиплестириўге ерисиў;
- тест дүзиў методикасы, тестлердиң түрлери ҳәм формалары, тест өткериўден мақсет, тест тапсырмаларының критериялары ҳаққында мағлыўмат бериў;
- пән тараўлары бойынша тест дүзиўдиң тийкарғы принциплери, қағыйдалары, талап ҳәм критерия көрсеткишлери менен байланыслы болған өзгерислер менен жаңаланыўларды илимий-теориялық жақтан анализлеў ҳәм өзине тән өзгешеликлерди тыңлаўшыларға жеткериў;
- тест сораўларын Мәмлекетлик тест орайына усыныў форматлары ҳаққында мағалыўмат бериў; пәнниң түрли тараўлары бойынша дүзилген тест тапсырмаларының стандарт өлшеўлери ҳаққында мағлыўмат бериў;
- тестлерден аралықтан оқытыў системасында, тәлим-тәрбия менен байланыслы болған теориялық-концептуал мәселелер, бул процессте тәлим-тәрбия ролиниң асып барыўы, жоқары маманлықтағы қәниге кадрлар таярлаў барысындағы реформалар, ерисилген жетискенликлерди жоқары тәлим

системасы менен байланысқан ҳалда анализлеў, тәлим-тәрбияның нәтийжелилигин асырыўда тест сынаўларының әҳмийетин үйрениўден ибарат.

## Пән бойынша билим, көнликпе ҳәм уқыплылықларға қойылатуғын мәмлекетлик талаплар

Жоқары ҳәм орта арнаўлы, кәсип-өнер тәлими оқытыўшыларының қәнигелигин жетилистириўге қойылатуғын мәмлекетлик талаплар ҳәм таярлық бағдарлары бойынша МБС, Низамлар ҳәмде үлги бағдарламалар тийкар етип алынған.

## Пәнниң оқыў режедеги басқа пәнлер менен байланысы

Пәнниң мазмуны оқыў режедеги биринши блок, екинши блок ҳәм қәнигелик пәнлердиң барлық тараўлары менен байланысқан ҳалда социал-гуманитар ҳәм анық-тәбиий пәнлер бойынша тест дүзиў тәртиби педагогларлардың улыўма таярлық дәрежесин асырыўға хызмет қылады.

## Пәнниң жоқары тәлимдеги орны

Өзбекистан Республикасының билимлендириў системасында тестология пәнiниң орны гүреўли. Бизге белгили болғанындай, 1992 жылдан берли Өзбекистан Республикасының жоқарғы оқыў орынларына қабыл тест сынаўлары арқалы әмелге асырылмақта. Ҳәзирги күнге келип бир қанша оқыў орынларында күнделик, аралық, жуўмақлаўшы қадағалаў жумыслары тест тапмсырмалары тийкарында өткерилмекте. Булл оқыў орынларының профессор-оқытыўшылары ҳәмде кадрларының тест тапсырмалары, тестология пәни бойынша терең билимге ийе болыўын талап етеди. Тестологияға тийисли билимлердиң тереңлестирилиўи оқыў орынларында

инновацияның жетискенликлерин қоллаў ҳәм билимлендириў системасын модернизациялаў процессинде өзиниң сәўлелениўин табады.

## Лекция-тренинг сабақларының темалары

| № | Лекцияның темасы | Лекция | Семинар | Көшпели сабақ | Тәжирийбе алмасыў | Өз бетинше жумыс |
|---|---|---|---|---|---|---|
| • | Тестология түсиниги ҳәм оның пән сыпатында қәлиплесиўи | 2 | | - | - | |
| • | Тест дүзиў методикасы | | 2 | - | - | |
| **ЖӘМИ: 4 саат** | | **2** | **2** | **-** | **-** | |

## 1-ТЕМА. Тестология түсиниги ҳәм оның пән сыпатында қәлиплесиўи

**РЕЖЕ:**

1. ТЕСТОЛОГИЯ ПӘНИНИҢ ПРЕДМЕТИ, МАҚСЕТИ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ.
2. ТЕСТОЛОГИЯ ПӘНИНИҢ ТИЙКАРҒЫ ТҮСИНИКЛЕРИ ҲӘМ ПРИНЦИПЛЕРИ.
3. ТЕСТОЛОГИЯ ТАРИЙХЫНАН

Тестология түсиниги. Тестологияның сыпатламасы. Тестологияның пән сыпатында қәлиплесиў басқышлары. Тестология ҳәм оның хызмет тараўлары. Тесттаныў тийкарлары мазмунын ашып бериў оның әдеттеги оқытыў усылларынан парық қылыўшы тәреплари, Өзбекстан билимлендиирў системасына енгизиўдиң әҳмийети, тест тапсырмалары формалары, оларды дүзиў ҳәмде педагогикалық технологияның принциплери ҳәм қағыйдалары,

оқыў материалын толық өзлестириў идеясының жүзеге келиўи ҳәм оны әмелге асырыў усыллары.

## 2-ТЕМА. Тест дүзиў методикасы

## РЕЖЕ:

1. ТЕСТ ДҮЗИЎ МЕТОДИКАСИ. ТЕСТЛЕРДИҢ СТАНДАРТ НОРМАЛАРЫ.
2. ТЕСТТИ ӨТКЕРИЎДЕН МАҚСЕТ. ТЕСТТИҢ ТҮРЛЕРГЕ БӨЛИНИЎИ.
3. ТЕСТТИҢ ФОРМАСЫН ТАҢЛАЎ.

Тест дүзиў методикасы. Тестлердиң түрлери, мазмуны ҳәм көрсеткиш нормалары. Тестлердиң стандарт өлшемлери. Жас нормалары. Топарлық нормалар. Салыстырмалы норма. Пән тараўлары бойынша тест дүзиўдиң тийкарғы принциплери, қағыйдалары, талап ҳәм өлшем көрсеткишлери.

Тест тапсырмаларына қойылатуғын дидактикалық талаплар. Жәмийетлик-гуманитар ҳәм анық-тәбиий пәнлер бойынша тест дүзиў тәртиби. Гомоген ҳәм гетероген тест тапсырмаларын дүзиў арқалы дидактикалық материаллар таярлаў.

Тест сораўларының дүзилиўине қойылатуғын талаплар:

- тест тапсырмалары мазмунының оқыў мақсетине сай келиўи;
- материалдың әҳмийетлилиги;
- илимий анықлык;
- изшиллик;
- толықлық ҳәм уйғынлық;
- өзлестириў дәрежесине қарай дифференциалланғанлық;
- нәтийжелилик (кумулятивлик);
- тилдиң ашықлығы ҳәм анықлығы;
- бир мәнилилик; ақыттың қатаң белгилениўи;

- ықшамлық;

- қурамалылық нормасы;

- дурыс жуўапқа қосымша белгилердиң болмаўы;

-  вариативлик;

- форма ҳәм мазмун жағынан өз-ара байланыслылық.

Тест сораўларын Мәмлекетлик тест орайына усыныс етиў форматлары. Тестлер топламын қәлиплестириў. Тест өткериўге таярлық, тест нәтийжелерин анализлеў ҳәм оларды экспертизадан өткериў. Өзбекстан билимлендириў  системасында тест сынаўларының тутқан орны.  Аралықтан оқытыў системасында тестлерден пайдаланыў.

## Әдебиятлар дизими


1. Каримов И.А. Юксак малакали мутахассислар – тараққиёт омили. – Т.: Ўзбекистон, 1995. – 24 б.
2. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда. – Т.: Ўзбекистон, 1999. – 48 б.
3. И.А.Каримов. Юксак маънавият-енгилмас куч. Т.: «Маънавият”.-Т.: 2008.-176 б.
4. И.А.Каримов. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида. Т.: “Ўзбекистон”.-Т.: 2011.-440 б.
5. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2006 йил 16-февралдаги “Педагог кадрларни қайта тайёрлаш ва уларни малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш тўғрисида”ги 25-сонли қарори.
6. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2011 йил 20 майдаги “Олий таълим муассасаларининг моддий-техника базасини мустаҳкамлаш ва юқори малакали мутахассислар тайёрлаш сифатини тубдан яхшилиш чора-тадбирлари тўғрисидаги” ПҚ-1533-сон қарори.
7. Аванесов В.С. Теория и практика педагогических измерений (материалы публикаций) Подготовлено ЦТ и МКО УГТУ-УПИ, 2005 г.
8. Аванесов В.С. "Образовательные стандарты нуждаются в изменении". УШ, № 46, декабрь 1998г.

9. Аванесов В.С. Современные методы обучения и тестового контроля знаний. - Владивосток, 1999. - 125с.
10. Аванесов В.С. Композиция тестовых заданий. 2 изд. М. Адепт. 1998. - 217с.
11. Балл Г.А. Теория учебных задач: Психолого-педагогический аспект. - М.: Педагогика, 1990.- 184с.
12. С.П. Баранов, Л.Р. Болотина, В.А.Сластенин. Педагогика. Тошкент,«Ўқитувчи», 1990
13. Дыранкова Е.Т. Знания и уровневые показатели их усвоения / Содержание и технология контроля за качеством среднего образования. Тез. докл. рег. научно-практ. конф. работников образования. Оренбург, 1998. - 89с.
14. Ямбург, Е.А. Школа для всех. Адаптивная модель. Теоретические основы и практическая реализация. М. Новая школа. 1997. -352с.
15. Новые педагогические и информационные технологии в системе образования. Учебное пособие для студентов пед.вузов и системы повыш.квалиф.педкадров (Е.С.Полат и др). М:. Издательский центр "Академия", 2000-272 стр.

## Интернет мағлыўматлары

1. http://www.press-service.uz
2. http://www.gov.uz
3. http://www.lugat.uz

# ЛЕКЦИЯ ТЕКСТЛЕРИ

## 1-ТЕМА. Тестология пәнининң предмети, мақсет ҳәм ўазыйпалары. Тийкарғы түсиник ҳәм принциплери

**ЖОБА:**

1. ТЕСТОЛОГИЯ ПӘНИНИҢ ПРЕДМЕТИ, МАҚСЕТ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ.
2. ТЕСТОЛОГИЯ ПӘНИНИҢ ТИЙКАРҒЫ ТҮСИНИКЛЕРИ ҲӘМ ПРИНЦИПЛЕРИ.
3. ТЕСТОЛОГИЯ ТАРИЙХЫНАН

**Таяныш түсиниклер:** *тест, тестология, педагогикалық өлшемлер, психологиялық тестлер, педагогикалық тестлер, социологиялық тестлер.*

### ТЕСТОЛОГИЯ ПӘНИНИҢ ПРЕДМЕТИ, МАҚСЕТ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ

Заманагөй жәмийеттиң раўажланыў тенденциясы оқытыў ҳәм оның сыпатын модернизациялаўдың баслы бағдарлаўды белгилейди. Жамийет ҳәм мәмлекетлик талапларға сәйкес келетуғын тәлим алыўшылардың таярлығы дәрежесин тәмийнлеў мақсетинде оқытыў мекемелери жағдайының мониторинги ҳәм диагностикасын әмелге асырыў, оқытыўдың объектив нәтийжелерин үзликсиз анализлеў оқытыў сапасын асырыўдың әҳмийетли шарти болып есапланады. Усы орында жоқары ҳәм орта арнаўлы, кәсип-өнер тәлими мекемелерине қабыллаў процесслеринде оқыўшы ҳәм абитуриентлердиң таярлық дәрежесин баҳалаўда объективликти,

әдалатлықты ҳәм теңликти тәмийнлеў имканын беретуғын тестлерден пайдаланыўға тийкарланған педагогикалық өлшеўлер айырықша орын тутады. Педагогикалық өлшеўлер – педагогиканың тараўы болып, сыналыўшының оқыў хызмети нәтийжелерин өлшеў ҳәм баҳалаўдың усыл ҳәм қуралларын ислеп шығады ҳәм әмелде қолланады. Бул процессте Тестология тийкарлары пәнининң әҳмийети жүдә күшли. Дузилген тест тапсырмалары тек ғана өзлестириўди қадағалап қоймай, бәлким үйретиўши (оқытыўшы) функцияны да орынлайды. Себеби, бул тест тапсырмаларын шешиў процесинде темаларды өз бетинше өзлестириўге де ерисиледи.

Тәлим тараўындағы тест сынаўы - бу тесттен өтиўшилердиң мәлим оқыў пәнлери яки тәлим бағдарламалары бойынша таярлығы дәрежесин объектив баҳалаў усылы. Тест тапсырмаларын орынлаў интеллектуал хызмет болып, ол шегараланған ўақытта ҳәм қадағалаў етилетуғын шараятларда әмелге асырылады. Тест сынаўлары нәтийжелериниң объективлиги, биринши нәўбетте, тест тапсырмаларының сыпатына байланыслы, соның ушын тапсырмаларды ислеп шығыўда заманагөй тестология пәни теориясы ҳәм әмелиятына тийкарланған талапларды есапқа алыў зарур.

Усы орында еслетип өтемиз, **тестология** - шахстың түрли қәсийетлерин арнаўлы ислеп шығылған тестлер ҳәм оларды үйрениў усыллары жәрдеминде баҳалаў имканиятларын уйрениўши пән болып, тестолог тестологияның теориялық ҳәм әмелий мәселелери менен шуғылланыўшы қәнийге.

**Заманагөй тестология** әмелий пән болып, өзинде тест тапсырмаларын жаратыўдың тийкарғы түсиниклери ҳәм терминлерин, принциплерин, формаларын (дузилисин), мазмунына, қыйынлығына қойылатуғын талапларды, тест тапсырмаларын баҳалаў шкалаларын, яъный тест тапсырмалары банкин жаратыў бойынша хызметти белгилеўши өлшемлерди өзинде топлайды.

Ҳәзирги ўақытта ықтыярлы тәлим мекемесиниң ҳәр бир оқытыўшысы өз хызметинде оқытатуғын пәни бойынша оқыўшылардың билим дәрежесин баҳалаў усылы сыпатында тест өткериўден пайдаланады. Буның ушын ол

илимий тийкарланған тест тапсырмаларын Мәмлекетлик тәлим стандартлары яки Мәмлекетлик талапларға сәйкес тәлим бағдарламасы бойынша ислеп шығыўы зарур. Тәлим мекемелери оқытыўшылары заманагөй тестология пәни талапларына жуўап беретуғын тест тапсырмаларын ислеп шығыўы ушын арнаўлы таярлықты шөлкемлестириўи зарур.

Тәлим системасы ушын тестологларды таярлаў бойынша шет ел мәмлекетлари, солардан, Россия Федерациясы (РФ) тәжирийбеси үйренилген. РФ тәлим системасында педагоглар тәжирийбесини асырыў тәлим мекемелеринде тестолог-қәнийгелерди таярлаў курслары шөлкемлестирилген болып, қосымша «Тестолог», яғный педагогикалық өлшемлер тараўы бойынша қәнийге тәжирийбесин алмақшы болған шахсларды таярлаў ушын көплеп кәсиплик тәлим бағдарламалары бар. Усы бағдарламаның мақсети курсты оқыған шахсларды төмендеги хызмет түрлерине таярлаўдан ибарат: ҳәр қыйлы түрдеги педагогикалық тестлерди ислеп шығыў; педагогикалық тестлерди оқыў процесинде қолланыў; тест тапсырмалары сапасын экспертиза қылыў; педагогикалық өлшемлер тараўында изертлеўлер өткериў; педагогикалық жәмәәтти педагогикалық тестлер имканияты менен таныстырыў; педагогикалық өлшемлер машқалалары бойынша лекция, әмелий ҳәм семинар шынығыўларын өткериў.

Курстың мақсети қәнийге-экспертлердиң ашық түрдеги тапсырмаларды тексериў ҳәм баҳалаў тараўындағы кәсиплик шеберлигин қәлиплестириў ҳәм раўажландырыўға қаратылған болып, оның ўазыйпалары:

-тыңлаўшылар тәрепинен жалғыз мәмлекетлик имтиҳанының әҳмийетин түсиниўге жәрдем бериўден; тыңлаўшыларда тәлим жетискенликлерин баҳалаўдың заманагөй технологиялары ҳаққында, сынаўларды өткериў процесин ҳәм ашық түрдеги тапсырмаларға питкериўшилердиң берген жуўапларын тексериў ҳәм баҳалаўды белгилеўши норматив ҳүжжетлер мазмуны ҳаққында тийкарғы теориялық-методикалық билимлер системасын қәлиплесиўине жәрдемлесиўден;

-пән бойынша дүзилетуғын қадағалаў материалларының дүзилиси ҳәм мазмуны, ҳәр қыйлы түрдеги (жуўапты таңлаў, қысқа жуўаплы, ашық түрдеги) тапсырмалардан мақсетли пайдаланыў, оларды ислеп шығыў принциплери ҳәм усыллары ҳаққында түсиниклердиң қәлиплесиўине жәрдемлесиўден;

-ашық түрдеги тапсырмаларға питкериўшилердиң берген жуўапларын тексериў ҳәм баҳалаўды белгилеўши көрсетпелер менен ислеў; ашық түрдеги тапсырмаларға питкериўшилердиң берген жуўапларын тексериў ҳәм объектив баҳалаў; аймақлық предмет комиссиялары экспертлерин ғәрезсиз шөлкемлестириў ҳәм таярлаў бойынша көнликпелерини қәлиплесиўине жәрдемлесиўдан ибарат.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2006 жыл 16 февралда 25-санлы қарары менен тастыйықланған «Педагог кадрларды қайта таярлаў ҳәм олардың тәжирийбесин асырыўға қойылатуғын мәмлекетлик талаплар»да педагог кадрлардың таярланғанлығына қойылатуғын талаплар, улыўма тәжирийбе талаплар белгиленген. Солардан, мәмлекетлик талапларда тәлим алыўшылардың билимлерин объектив қадағалаў ҳәм баҳалаў шеберлиги бойынша “Педагог тәлим алыўшылардың билимлери ҳәм шеберлигин объектив баҳалаў принциплери, методлары ҳәм механизмлерин билиўи, стандартластырылған тестлерин ислеп шығыў, тәлим алыўшылардың өзлестириўин қадағалаўдың түрли формаларын нәтийжели қолланыў шеберлигине ийе болыўы кереклиги белгиленген.

Солардан келип шығып, республикамыз тәлим системасының кадрлар дәрежесин раўажландырыў ушын тест тапсырмалаларын дүзиў, тест сынаўлары нәтийжелерин анализлеў ҳәм қайта ислеў усылларын, өзлестириў мақсетинде қәнийге – тестологларды оқытыў зарур болады. Усы мақсетте оқытыўшыларды Қайта таярлаў ҳәм тәжирийбесин асырыў тәлим мекемелери системасында республикамиз педагогикалық хызметкерлерин оқытыў процессине кәсиплик тәлим бағдарламасы бойынша “Заманагөй тестология тийкарлары” оқыў курсын киргизиў усыныс етиледи. Бул курсты оқытыўда халықаралық тәжирийбелерден пайдаланыў мүмкин.

# ТЕСТОЛОГИЯ ПӘНИНИҢ ТИЙКАРҒЫ ТҮСИНИКЛЕРИ ҲӘМ ПРИНЦИПЛЕРИ

**Тестология түсиниги. Тестология** - шахстың түрли қәсийетлерин арнаўлы ислеп шығылған тестлер ҳәм оларды анализлеў усыллары жәрдеминде баҳалаў имканиятларын үйрениўши пән болып, тестолог тестологияның теориялық ҳәм әмелий мәселелери менен шуғылланыўшы қәнийге. Тәлимдиң тийкарғы мақсети — оқыўшыларға пәнлер бойынша теориялық билимлер бериў, әмелий көнликпе ҳәм тәжирийбелерди пайда етиў, оларда руўхый, әдеп-икрамлылық пазыйлетлерин тәрбиялаў, дуньяға көз-қарасын қәлиплестириў, кеңейтиў ҳәм раўажландырыўдан ибарат. Билим, көнликпе ҳәм тәжирийбелер қай дәрежеде өзлестирилгенин анықлаў ҳәм баҳалаў оқытыўшы ушын ҳәм, оқыўшы ушын да үлкен әҳмийетке ийе. Оларды анықлаўда болса түрли форма ҳәм методлардан пайдаланылады. Солардан, сораў ҳәм жуўаплар, сәўбет, жазба ислер коллоквиум, семинар, сынаў, имтиҳанлар өткериў ҳәм басқалар. Жоқарыда атап өтилген форма ҳәм методларға салыстырғанда тест тапсырмалары тийкарында сынаўлар өткериў оқыўшылардың билим, көнликпе ҳәм тәжирийбелери дәрежесин анықлаўда ҳәмде баҳалаўда бирқанша қолайлы ҳәм нәтийжели жоллардан бири есапланады.

Тестлердан пайдаланыў ҳәзирги күнниң тийкарғы талаплардан бири. Бу болса билим, көнликпе ҳәм тәжирийбелар қай дәрежеде өзлестирилгенини (қай дәрежеде) ҳәм баҳалаўдың объектив муғдарына болған зарурият менен байланыслы.

Тест дүзиў методикасының тийкарғы қағыйдаларынан бири не мақсетте тест дүзилетуғынлығын анықластырыў киреди. Бунда Тест тапсырмаларын дүзиў ҳәм сынаў методикасы, Тест тапсырмаларына қойылатуғын дидактикалық талаплар, Тест жобасын ислеп шығыў, Пән бөлимлери

бойынша тест жобасы, Оқыў материалын өзлестириў дәрежелери бойынша тест жобасын анықластырып алыў зарур.

Тест тапсырмаларына қойылатуғын дидактикалық талаплар. Тузилген тест тапсырмаларының ҳаммасин де бирдей қолланыўға жарамлы деп болмайды. Тест сораўлары сапалы болыўы ушын, оларды дүзиўде бир қатар талапларға әмел қылыў зәрүр. Булар төмендегилерден ибарат: тест тапсырмалары мазмунын оқыў мақсетине муўапық; материал әҳмийетлилиги; илимий анықлық; избе-излик; толықлық ҳәм уйғынлық; өзлестириў дәрежесине қарай бөлиниўи; нәтийжелилик; тилдиң рәўанлығы; бирмәнилик; ўақыттың анық белгилениўи; ықшамлық; қурамалылық өлшемлери; туўры жуўапта қосымша белгилердиң болмаўы; вариативлик; форма ҳәм мазмуны бойынша өз-ара байланыслылық.

Енди бул талапларды бирма-бир қысқаша көрип шығайық.

1. **Оқыў мақсетине муўапық**. Тест тапсырмаларының мазмуны анықластырылған (идентификацияланған) оқыў мақсетлерине муўапық болыўы лазым. Оқыў мақсетлери комплекси иерархик дүзилисине ийе. Соның ушын салыстырмалы түрде яқын мақсетин әмелге асырымай турып, улыўма (салыстырмалы түрде алыс) мақсетине ерисип болмайды. Ҳәр бир тест сораўы мәлим бир оқыў мақсетиниң жүзеге шығыўын тәмийнлеўи зарур.

2. **Материалдың әҳмийетлилиги**. Тест сораўларына оқыў материалдың ең әҳмийетли, тийкарғы бөлимлерин киритиў лазым. Тестте тапсырмалар саны әдетте шекленген болады. Туўрыдан туўры күтилетуғын мәселеде бәрше темалар толық қамрап алынбаған болыўы мүмкин. Талабаның улыўма ҳалаттан жеке жуўмаққа келиўи (дедуктив) ҳәм керисинше, айырым дәлийллерден улыўма жуўмақлар (индуктив) шығара алыўы, оның теориялық қағыйдаларды өзлестирип алғанын, билиўи болса теориялық тийкарларын тусиндире алыў қәбилетлерин көрсетеди.

3. **Илимий анықлық**. Тестке пикир, билим арқалы тийкарлаў мумкин болған мағлыўматлар киритиледи. Пәндеги көз-карасларды тест сораўларына киргизиў усыныс етилмейди. Тест тапсырмалары табияты тийкарынан, алдыннан мәлим, анық жуўап бериўди талап етеди.

**4. Изшиллик**. Тесттеги тапсырмалар мәлим бир пәнге, улыўма билим әҳмийети көре өзара байланыслы болыўы лазым. Изшиллик бир тапсырма жуўабын улыўма тест нәтийжелерине салыстырғанда мүнәсибинде көринеди.

**5. Толықлық ҳәм уйғынлық**. Тесттеги тапсырмалардың улыўма саны тема ҳәм бөлимлерге салыстырғанда муўапық бөлистирилиўи әҳмийетли. Бул талап тест жобасын ислеп шығыўда әмелге асырылыўы лазым.

**6**. **Өзлестириў дәрежесине бөлистирилиўи**. Оқыў материалының мәлим бир қурамлық бөлимине байланыслы өзлестириў дәрежеси түрлише (билиў, еслеп қалғанын түсиндириў, нәтийжели билимлер ҳәм дөретиўшилик пикирлеў) болған тест тапсырмалаларын дүзиў лазым. Бул талап ҳәм тест жобасын ислеп шығыўда әмелге асырылыўы лазым.

Билиў дәрежесиндеги тест тапсырмалары алдыннан өзлестирип алынған мағлыўматларды қайта тиклеўге тийкарланады. Бунда яд қуўаты үлкен әҳмийетте ийе болады.

Репродуктив дәрежедеги тестлерде болса, талаба алдын өзлестирилген мағлыўматлар тийкарында ғәрезсиз пикирлейди, тапсырма орынлаған болса, пәнде алдыннан мәлим болған қағыйда ҳәм алгоритмларге (жолланмаларға) сүйенеди. Бундай ҳалда ол, есте қалғанын түсиндириў, қайта тиклеў жолынан барады.

Нәтийжели билимлер ҳәм дөретиўшилик пикирлеўге байланыслы тест тапсырмалары болса сыналатуғын шахстың мәлим улыўма усылларын тапсырмада көрсетилген анық шарт-шараятларға ғәрезсиз қолланыў қәбилетин сынайды. Нәтийжели билимлер ҳәм дөретиўшилик пикирлеў хызмети тайёр қағыйдалар ҳәм алгоритмлар тийкарында емес, мәлим қағыйдаларға жаратылған яки жаңа шараятындағы хызмет процессинде қайта жаратылған қағыйдаларға әмелге асырылады.

Дөретиўшилик пикирлеў дәрежесине байланыслы дүзилген тестлерде тапсырма улыўма ҳалда баян етилген, мақсетке ерисиў ушын зарур болған ис-ҳәрекетлер ҳәм жағдайларды талаба дөретиўшилик пикирлеў нәтийжесинде анықлайды. Бундай тест тапсырмаларды шешиў процесинде пүткиллей жаңа мағлыўмат (қағыйда, жуўмақ, форма ҳәм т.б.) жаратылады.

**7. Нәтийжелилик** . Нәтийжелилик тест тапсырмаларының барған сайын қурамаласып барыўды нәзерде тутады. Бул қатаң талап емес. Себеби, заманагөй компьютер тест системасында талабаға нәўбеттеги тест тапсырмасы, алдыннан қандай шешкенине қарап бериледи. Яғный алдыннан сораўға натуўры жуўаптан соң, оған салыстырғанда мураккаб болмаған тест тапсырмалары берилиши мумкин.

**8. Ўақыттың қатаң белгиленгенлиги**. Бул шәрттиң әҳмийети усыннан ибарат, ойлаў ушын 2 минуттан артық ўақыт талап етилетуғын тест сораўлары болмаслығы лазым. Бирқанша шет ел тест тапсырмалаларын анализлеў етилгенлиги, математика бойынша 65 секунд, тил ҳәм әдебият бойынша 32 секунд, жәмийетлик ҳәм тәбиий пәнлер бойынша 41 секунд, дәлийллар ҳәм 20-25 секунд, сызылалар ушын 90 секунд, формаларын анықлаў ушын 90-120 секунд ўақыт ажыратылғаны мәлим болды.

**9. Ықшамлылық**. Тест тапсырмаларының матни созылып кетмаслиги, тасланбаслығы лазым. Қурамалы көлемли оқыў сораўының өзлестириўди анықлаў зарур болған ҳолларда, оны бир бирқанша тест тапсырмаларына болып дузилгани мақул.

**10. Тил рәўанлығы, анықлығы ҳәм бир мәнилилиги**. Тест тапсырмаларында көп мәнилилик ҳәм анықлықка жол қойып болмайды. Тест тапсырмалаларын дузиўшилер топарға белгили бир оқыў пәни бойынша тәжирийбели педагог ҳәм психологтан тысқары әдебий ҳәм дәстүрге айланған.

**11. Қыйынлық өлшеми (жарамлылығы)**. Тест тапсырмалары педагогикалық тәрепдан нәтийжели болыўы ушын, олар әпиўайы мағлыўмат берип қалмаслығы, жуўабы ашықдан-ашық аян болмаслығы лазым. Нәтийжеси ярымына тең (Пқ0,5) болған тест тапсырмалары салыстырғанда нәтийжели есапланады. Бундай нәтийже оқыў материалын жақсы өзлестирилген яки терең таярлық көрмеген талабын анықлаўды аңластырады. Соның ушын ҳәм, абитуриентларни таңлаў, питкериў имтиҳанлары сыяқлы әҳмийетли илажлар ушын тест тапсырмалары оқыў багдарламасын толық үйренген талабалардың 50 пайызы бажара алыўи мумкин болған дәрежеде

тайёрланади. Демак, мәлим бир бағдардағы тестлер ушын 50 пайызлық нәтийже жақсы көрсеткиш. Усыны умытпаслық керак, өз класы ушын муғалимлар тәрепинен таярланған тест тапсырмалары басқашарақ өлшем менен баҳаланады. Бунда 50 емес, балки 85 % көрсеткиш мақсетке муўапық есапланады. Бул хақида алдыңғы темада баян етилген.

**12. Туўры жуўапта қосымша белгилердиң болмаслығы.** Тест дүзиўде тажирийбесиз киши тусиникли болсын, деген мақсетте туўры жуўапты басқа жуўапларға салыстырғанда кеңирек ҳәм толығырақ баян етеди. Талабалар бул парықты тез аңлап алады ҳәм жуўапты мине усы белгисине қарап анықлайды. Буған пүткиллей жол қойып болмайды.

**13. Вариативлик.** Оқыў материалындағы мәлим бир теманы өзлестириўди қадағалаў ушын логикалық пикир баяны, синтактик дүзилиси, морфологик белгилери яки қыйынлық дәрежеси түрлише болған, лекин бира оқыў материалына тийисли тест сораўларын дүзиў мумкин. Бул бир оқыў мақсетине ерисиў жолында тапсырмалар топламын жаратыў имканын береди (инвариант тестлер). Усыған байланыслы компьютер тест системасы тапсырмалардың вариативлик қәсийетлерине тийкарланған. Бунда компьютер нәўбеттеги тапсырманы алдындағы сораўға берилган жуўапты таңлайды.

**14. Формасы ҳәм мазмунның өзара байланыслылығы.** Бул талап философиядан, оның қағыйдаларын көркем-өнер шығармаларын үйрениўге салыстырыўдан алынған. Гегел пикиринше, ҳақыйқый көркем шығарма формасы ҳәм мазмуны жағынан улыўма шығарма. Тест тапсырмалары да формасы ҳәм мазмуны жағынан уйғын болыўы лазым. Тест тапсырмалаларын Жоқарыдағы талаплар тийкарында дүзиў, оқытыўшылардың тест дүзиў теориясы бойынша мағлыўматқа ийе болыўын талап етеди. Буның ушын тесттаныў курсларында оқыў ҳәм тийисли әдебиятларды ғәрезсиз өзлестирип барыў зарур.

***Тестология пәни ҳәм тест дүзиў қағыйдалары***

Тестлерди дүзиўде бирқатар қағыйдаларға әмел қылыў зәрүр:

- Тестти бәрше шалғытыўшы жуўаплары ҳақыйқатқа жақын болыўы

керек.

- Жуўапларды билдириўши сөзлер узынлығы дерлик бир қыйлы болыўы керек.
- Жуўаплар тийкар менен уйғынласқан ҳалда грамматик тәрептен дурыс дузилген болыўы керек.
- Тийкар бөлегиниң сөзлери тәлим алыўшының түсиниўи ушын сәйкес болыўы керек.
- Жуўаплардың ҳеш бири синоним (мәнилес) болмаўы керек.
- Тийкарда да, жуўапларда да еки пикирлилик болмаўы керек.
- Тийкар имканы барынша кең мазмунлы болыўы керек.
- Тийкарда муўапықсыз сөзлерден имкан барынша пайдаланбаў керек.
- Жуўапларда логикалық емес сөзлер болмаўы керек.
- Дурыс жуўапларды избе-из бермеў керек.

**Педагогикалық тест жәрдеминде баҳалаўдың унамлы тәреплери:**

Жақсы дүзилген педагогикалық тест студенттиң билим өзлестириў сапасы ҳәм дәрежесин анық өлшеў, объектив баҳалаў қуралы болып, оның нәтийжеси қадағлаўшы, баҳа қойыўшы адамға байланыслы болмайды;

- Педагогикалық тест пән бағдарламасы бойынша оқыў материалы мазмунын толық қамтыўы мүмкин, тәлим нәтийжеси тест усылында баҳаланғанда бәрше студентлерге салыстырмалы бирдей белгиленген формада баҳа қойылады.

- Тест усылында баҳалағанда тәлимдиң техник қуралларын пайдаланыў қолайлы, бул усыл мәлим оқыў материалын яки пүткил бир пәнди, аз ўақыт ҳәм кем куш сарыплап, ҳәмме студенттиң билимин қадағалаўға имкан береди;

- Педагогикалық тест усылында баҳалаўды компьютер жәрдеминде автоматластырыў мүмкин. Сыпатлы дүзилген педагогикалық тестлер студенттиң билим алыўда белсендилигин асырады, надурыс дүзилген тестлер оқыў процессине унамсыз тәсир көрсетеди. Педагогикалық тестлерди дурыс ҳәм орынлы қолланыў оқыў процессии ҳәм оның нәтийжесине үлкен тәсир етеди, оқытыў сапасын арттырыўға хызмет

қылады.

Тестлер улыўма төмендеги бөлимлерге бөлинеди: а) психологиялық; б) педагогикалық; с) социологиялық.

Психологиялық тестлер — шахстың психологиялық қәсийетлерин, оның интеллектуал тәреплерин үйренеди ҳәм анықлайды.

Педагогикалық тестлер тәлим-тәрбия процесинде билимлер дәрежесин анықлайды.

Социологиялық тестлер — шахстың жәмийетлик тәреплерин үйренеди ҳәм анықлайды. Бунда биз көбирек педагогикалық тестлерге тоқталып өтемиз. Педагогикада қолланылатуғын тестлер предмет тестлери деп аталады. Предмет тестлери ҳәр бир предметтен оқыўшылардың билимлерин беккемлеў, улыўмаластырыў, системаластырыў, өзлестириў дәрежесин анықлаў ҳәм баҳалаў мақсетлерине қаратылыўы мумкин. Оқыў жылы даўамында тәлим-тәрбия процесинде Жоқарыдағы тест формаларының қәлегенинен пайдаланыў мумкин. Питкериў ҳәм кириў имтиҳанларында программаластырылған тестлерден пайдаланыў мақсетке муўапық. Тест варианты бирқанша көп бўлса, сынаў нәтийжеси сонша объектив болады.

## ТЕСТОЛОГИЯ ТАРИЙХЫНАН

Тест — инглизше сөз болып, «тестр», яғный «тексериў» мәнисин билдиради. Тестлердан пайдаланыў ҳаққындағы дәслепки мағлыўматлар инглис алымы Фишердиң 1864 жылда дағаза етилген «Scale books» китабында, Америка алымы Ж.И.Ройоштың «Орфография — билимлерди тексериў» таблицасында (1884), немис алымы Эббенгаустың (1897) текстлеринде келтирилген. XIX әсирдиң дәслепки өткен жылларында мектепте өзлестириўди анықлаўга хызмет қылыўшы тестлер Германияда, кейинала АҚШта жаратылып жәнеде раўажландырылған. Ҳәзирги ўақытта бундай тестлер Уллы Британия, Скандинавия, Нидерландия, Түркия, АҚШ, Германия мектеплеринде табыслы қолланылып келинбекте. Тестологияның раўажланыў тарийхы төмнендегиден ибарат:

- 1884 жылы АҚШда 5 баллы системада баҳаланатуғын тест материалларынан ибарат биринши китап жәрияланды
- Джеймс Маккин Кэттел ("Интеллектуал тестлер ҳәм олардан пайдаланыў«) пәнге "тест" сөзин киритти ҳәм Америкада оқыў орынларына тест жәрдеминде таңлаў усылын баслап берди
- Френсис Гальтон "Инсан қәбилетлери ҳәм олардың раўажланыўын үйрениў»
- Францияда Альфред Бине ҳәм Теодор Симон (Балалардың интеллектуал қәбилетин өлшеў )
- Альфред Бине 1899 жылы биринши болып мектеп қасындағы психологик-педагогик лабораторияға тийкар салды
- Педагогикалық тестлер XX әсирдиң басларында пайда болып, олар тезде Англия ҳәм АҚШның жоқары оқыў орынларын ҳәмде мектеплери оқытыўшылары арасында кең тарқалып кеткен.
- Австриялы психолог Уильям Штерн "Ай-кью" теориясының авторы (баланың хронологиялық (ҳақиқий) жасынан тысқары интеллектуал жасы да болатуғынлығы)
- Өзбекистанда XX әсирдиң 20-30-жылларында тестлер билимлендириў процессинде кең қолланылған. "Педология" бөлиминде педологлар зийреклик ҳәм интеллектуал лаяқатты тексериў ушын тестлерди жаратқан.

## ҚАДАҒАЛАЎ СОРАЎЛАРЫ

1."Тест" сөзи қайси тилден алынған ҳәм мәниси нени аңлатады?
2.Тестология пәниниң предмети, мақсет ҳәм ўазыйпаларыни ашып бериң;
3.Тестология пәниниң тийкарғы түсиник ҳәм принциплерин айтып бериң;
4.Тест сынаўлары эволюциясы не?
5.Тест тапсырмаларының формалары ҳаққында қандай түсиникке йесиз?

**Әдебиятлар дизими**

1. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2006 йил 16-февралдаги “Педагог кадрларни қайта тайёрлаш ва уларни малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш тўғрисида”ги 25-сонли қарори.
2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2011 йил 20 майдаги “Олий таълим муассасаларининг моддий-техника базасини мустаҳкамлаш ва юқори малакали мутахассислар тайёрлаш сифатини тубдан яхшилиш чора-тадбирлари тўғрисидаги” ПҚ-1533-сон қарори.
3. Аванесов В.С. Теория и практика педагогических измерений (материалы публикаций) Подготовлено ЦТ и МКО УГТУ-УПИ, 2005 г.

## 2-ТЕМА. ТЕСТ ДҮЗИЎ МЕТОДИКАСЫ (әмелий сабақ ушын)

**РЕЖЕ:**

1.ТЕСТ ДҮЗИЎ МЕТОДИКАСИ. ТЕСТЛЕРДИҢ СТАНДАРТ НОРМАЛАРЫ.
2. ТЕСТТИ ӨТКЕРИЎДЕН МАҚСЕТ. ТЕСТТИҢ ТҮРЛЕРГЕ БӨЛИНИЎИ.
3.ТЕСТТИҢ ФОРМАСЫН ТАҢЛАЎ.

**Таяныш түсиниклер:** *материалдың әҳмийетлилиги, илимий анықлык, изшиллик, толықлық ҳәм уйғынлық, өзлестириў дәрежесине қарай дифференциалланғанлық, нәтийжелилик (кумулятивлик), тилдиң ашықлығы ҳәм анықлығы;*

**Тест дүзиў методикасы**

Тестлердиң түрлери, мазмуны ҳәм көрсеткиш нормалары. Тестлердиң стандарт өлшемлери. Жас нормалары. Топарлық нормалар. Салыстырмалы

норма. Пән тараўлары бойынша тест дүзиўдиң тийкарғы принциплери, қағыйдалары, талап ҳәм өлшем көрсеткишлери.

Тест тапсырмаларына қойылатуғын дидактикалық талаплар. Жәмийетлик-гуманитар ҳәм анық-тәбиий пәнлер бойынша тест дүзиў тәртиби. Гомоген ҳәм гетероген тест тапсырмаларын дүзиў арқалы дидактикалық материаллар таярлаў.

Тест сораўларының дүзилиўине қойылатуғын талаплар:

- тест тапсырмалары мазмунының оқыў мақсетине сай келиўи;
- материалдың әҳмийетлилиги;
- илимий анықлык;
- изшиллик;
- толықлық ҳәм уйғынлық;
- өзлестириў дәрежесине қарай дифференциалланғанлық;
- нәтийжелилик (кумулятивлик);
- тилдиң ашықлығы ҳәм анықлығы;
- бир мәнилилик; ақыттың қатаң белгилениўи;
- ықшамлық;
- қурамалылық нормасы;
- дурыс жуўапқа қосымша белгилердиң болмаўы;
- вариативлик;
- форма ҳәм мазмун жағынан өз-ара байланыслылық.

Тест сораўларын Мәмлекетлик тест орайына усыныс етиў форматлары. Тестлер топламын қәлиплестириў. Тест өткериўге таярлық, тест нәтийжелерин анализлеў ҳәм оларды экспертизадан өткериў. Өзбекстан билимлендириў системасында тест сынаўларының тутқан орны. Аралықтан оқытыў системасында тестлерден пайдаланыў.

## ҚАДАҒАЛАЎ СОРАЎЛАР

1. Тест түзиўге қандай талаплар қойылады.
2. Тесттиң исенимлилиги дегенимиз не?
3. Тесттиң валидлилиги дегенимиз не?
4. Стандартластырылған тестлер дегенимиз не?

## Әдебиятлар дизими

1. Каримов И.А. Юксак малакали мутахассислар – тараққиёт омили. – Т.: Ўзбекистон, 1995. – 24 б.

2.Каримов И.А. Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда. – Т.: Ўзбекистон, 1999. – 48 б.

3. И.А.Каримов. Юксак маънавият-енгилмас куч. Т.: «Маънавият”.-Т.: 2008.-176 б.

4. И.А.Каримов. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида. Т.: “Ўзбекистон”.-Т.: 2011.-440 б.

## ТЕСТ СОРАЎЛАРЫ

1. **“Тест” сөзи қайси тилден алынған ҳәм мәниси не?**

   А)Тест — инглизше сөз болып, “тестр”, яъни “тексериў” мәнисин билдиреди.

   В) Тест - грекше сөз болып, “сынаў” мәнисин билдиреди.

   С) Тест - латынша сөз болып, “баҳо” мәнисин билдиреди.

   Д) Тест - арабча сөз болып, “танлов” мәнисин билдиреди.

2. **Тестология қайси тилден алынған ҳәм мәниси не?**

   А) Тест — инглизше сөз болып, «тестр», яъни «тексериў», “Логос” латынша “пән, тәлиймат”мәнисин билдиреди.

   В) Тест — инглизше сөз болып, “тест ҳаққындағы пән” мәнисин билдиреди.

   С) Тест — латынша сөз болып, “тест ҳаққындағы пән” мәнисин билдиреди.

   Д) Тест — грекше сөз болып, “тест ҳаққындағы пән” мәнисин билдиреди.

3. **Тестология терминине тәрийп бериң?**

   А) тестология - шахстың түрли қәсийетлерини арнаўлы ислеп шығылған тестлер ҳәм оларды анализлеў усыллары жәрдеминде баҳалаў имканиятларын үйрениўши пән

   В) тестология – пәнниң теориялық ҳәм әмелий мәселелери менен шуғылланады

   С) тестология – тест дүзиў менен шуғылланады

   Д) тестологи – кириў имтиҳанлари ҳаққындағы пән

4. **Тестолог терминине тәрийп бериң?**

   А) тестолог тестологияның теориялық ҳәм әмелий мәселелери менен шуғылланыўшы қәнийге

В) тестолог шахстың түрли қәсийетлерин арнаўлы ислеп шығылған тестлер ҳәм оларды анализлеў усыллары жәрдеминде баҳалаў имканиятларын үйрениўши.

С) тестолог – пәнниң теориялық ҳәм әмелий мәселелери менен шуғылланады

Д) тестолог – кириў имтиҳанларын өткизиўши

**5. Тәлим тараўындағы тест сынаўы не?**

А)бул тесттен өтиўшилердиң мәлим оқыў пәнлери яки тәлим бағдарламалари бойынша тайёргарлиги дәрежесини холис баҳалаў усылыдир.

В) тест дүзиў усылы

С) тест өткериў усылы

Д) сынаў қуралы

**6. Тест ең дәслеп қайсы дереклерде ушырасқан?**

А) Грек дереклеринде

В) Ингиз дереклерде

С) французча дереклерде

Д) русша дереклерде

**7. "Тест" сөзин ким биринши мәрте қолланған?**

А) Тестлерден пайдаланыў ҳаққындағы дәслепки мағлыўматлар инглиз алымы Фишернинг 1864 жылда баспадан шыққан «Scale books» китабында

В) Америка алымы Ж.И.Ройошнинг «Орфография — билимлерни тексериў» таблицасында

С) немис алымы Эббенгаустың ноқатлы етип қалдырған текстлеринде

Д) Аванесов В.С. тадқиқотларида

**8. "Билимлендириў ҳаққында"ги Нызам қашан қайта қабыл етилген?**

A) 1997 жыл 29 августта

B) 1992 жыл 29 августта

C) 1998 жыл 29 августта

Д) 2007 жыл 29 августта

**9. “Кадрлар таярлаў миллий бағдарламасы” қашан қабыл етилген?**

A) 1997 жыл 29 августта

B) 1992 жыл 29 августта

C) 1998 жыл 29 августта

Д) 2007 жыл 29 августта

**10. Мәмлекетлик тест орайы қашан шөлкемлестирилген ?**

A)1994 жыл

B)1995 жыл

C) 2004 жыл

Д) 2005 жыл

**11. Өзбекстан билимлендириў системасында қашаннан баслап тест сынаўлары қолланыла басланды?**

A) 1992 жыл

B) 1994 жыл

C) 2004 жыл

Д) 2005 жыл

**12. Тестлердиң қандай түрлерин билесиз?**

A) психологиялық, социологиялық ҳәм педагогик тестлер

B) психологиялық, оқыў ҳәм ислеп шығарыў

C) илЬмий, социологиялық ҳәм оқыў тестлери

Д) педагогик, илмий ҳәм оқыў тестлери

**13. Билимлендириў процесинде қайси тест түринен пайдаланылады?**

A) Педагогикалық тестлерден

B) Социологиялық тестлерден

C) Психологиялық тестлерден

Д) Оқыў ҳәм илмий тестлерден

**14. Педагогикалық тестлерга қайсылар киреди?**

A) Предметлар бойынша тестлер

B) Социологиялық тестлер

C) Психологиялық тестлер

Д) Оқыў ҳәм илмий тестлер

**15. Гамоген тестлер түсинигини анықланг?**

A) Бир тема бойынша дүзилген тестлер

B) Бир неше тема бойынша дүзилген тестлер

C) Бир пән бойынша дүзилген тестлер

Д) Бир неше пән бойынша дүзилген тестлер

**16. Гетероген тестлер дегенда нени тушунасиз?**

A) Бир неше тема бойынша дүзилген тестлер

B) Бир тема бойынша дүзилген тестлер

C) Бир пән бойынша дүзилген тестлер

Д) Бир неше пән бойынша дүзилген тестлер

**17. Метод сөзи қайси тилден алынған ҳәм мәниси не?**

A) грекше сөз болып, жол, усыл, ҳәрекет усылы мәнисин билдиреди.

B) латынша сөз болып пән деген мәнини билдиреди

C) арабча сөз болып усыл деген мәнини билдиреди

Д) русша сөз болып усыл деген мәнини билдиреди

**18. Инновация  сөзи қайси тилден алынған ҳәм мәниси не?**

A) латынша сөз болып, “жаңалық киргиземен” мәнисин билдиреди.

B) латынша сөз болып пән деген мәнини билдиреди

C) арабча сөз болып усыл деген мәнини билдиреди

Д) русша сөз болып усыл деген мәнини билдиреди

**19. Интерактив сөзи қайси тилден алынған ҳәм мәниси нени аңлатады?**

А) инглизше сөз болып,  “өзара тәсир” мәнисин билдиреди

В) латынша сөз болып, “жаңалық киргиземен” мәнисин билдиреди.

С) грекше сөз болып, жол, усыл, ҳәрекет усылы мәнисин билдиреди.

Д) русша сөз болып усыл деген мәнини билдиреди

**20. Билимлендириў не?**

А) инсанның мәлим бир система тийкарында алған билим, көнликпе, тәжирийбеси ҳәм ийелеген руўхый пазыйлетлери жыйындысы.

В) мәлим бир тараў бойынша билим ийелеў

С) жасларды жоқары оқыў орнына таярлаў

Д) хызметкерларди илимий иске таярлаў

**21. Тест неше түрге бөлинеди?**

А) 3

В) 4

С) 2

Д) 5

**22. Тест дүзиўдаги дәслепки ис неден ибарат?**

А) Тест жобасын ислеп шығыў

В) Тестти қимге екенлигин аныќлаў

С) Теманы анықластырыў

Д) Тест дерегин анықластырыў

**23. Предметли тестлерге қандай нормалар қойылады?**

1 Тестлердиң мазмуны ҳәм көрсеткиш нормалары

2 Жас нормалары

3 Топарлық нормалар

4 Салыстырмалы норма

5 темавий норма

6 илмий норма

A) 1, 2, 3, 4

B) 1, 2, 4, 5, 6

C) 2, 3, 4, 5

Д) 1, 2, 5, 6

**24. Психологиялық тестлер дегенде нени түсинесиз?**

A)шахстың психологиялық қәсийетлерин, оның интеллектуал тәреплерин үйренеди ҳәм анықлайды

B) тәлим-тәрбия процесинде билимлер дәрежесин анықлайды

C) шахстың жәмийетлик тәреплерин үйренеди ҳәм анықлайды

Д) Педагогикада қолланылатуғын тестлер

**25. Социологиялық тестлер дегенде нени түсинесиз?**

A) шахстың жәмийетлик тәреплерин үйренеди ҳәм анықлайды

B) тәлим-тәрбия процесинде билимлер дәрежесини анықлайды

C)шахстың психологиялық қәсийетлерин, оның интеллектуал тәреплерин үйренеди ҳәм анықлайды

Д) Педагогикада қолланылатуғын тестлер

## ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ

16. Каримов И.А. Юксак малакали мутахассислар – тараққиёт омили. – Т.: Ўзбекистон, 1995. – 24 б.
17. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда. – Т.: Ўзбекистон, 1999. – 48 б.
18. И.А.Каримов. Юксак маънавият-енгилмас куч. Т.: «Маънавият”.-Т.: 2008.-176 б.
19. И.А.Каримов. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида. Т.: “Ўзбекистон”.-Т.: 2011.-440 б.
20. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2006 йил 16-февралдаги “Педагог кадрларни қайта тайёрлаш ва уларни малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш тўғрисида”ги 25-сонли қарори.
21. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2011 йил 20 майдаги “Олий таълим муассасаларининг моддий-техника базасини мустаҳкамлаш ва юқори малакали мутахассислар тайёрлаш сифатини тубдан яхшилиш чора-тадбирлари тўғрисидаги” ПҚ-1533-сон қарори.
22. Аванесов В.С. Теория и практика педагогических измерений (материалы публикаций) Подготовлено ЦТ и МКО УГТУ-УПИ, 2005 г.
23. Аванесов В.С. "Образовательные стандарты нуждаются в изменении". УШ, № 46, декабрь 1998г.
24. Аванесов В.С. Современные методы обучения и тестового контроля знаний. - Владивосток, 1999. - 125с.
25. Аванесов В.С. Композиция тестовых заданий. 2 изд. М. Адепт. 1998. - 217с.
26. Балл Г.А. Теория учебных задач: Психолого-педагогический аспект. - М.: Педагогика, 1990.- 184с.
27. С.П. Баранов, Л.Р. Болотина, В.А.Сластенин. Педагогика. Тошкент,«Ўқитувчи», 1990

28. Дыранкова Е.Т. Знания и уровневые показатели их усвоения / Содержание и технология контроля за качеством среднего образования. Тез. докл. рег. научно-практ. конф. работников образования. Оренбург, 1998. - 89с.
29. Ямбург, Е.А. Школа для всех. Адаптивная модель. Теоретические основы и практическая реализация. М. Новая школа. 1997. -352с.
30. Новые педагогические и информационные технологии в системе образования. Учебное пособие для студентов пед.вузов и системы повыш.квалиф.педкадров (Е.С.Полат и др). М:. Издательский центр "Академия", 2000-272 стр.

## Интернет мағлыўматлары

1.http://www.press-service.uz

2.http://www.gov.uz

3.http://www.lugat.uz

4.http://www.uz

5.http://www.infocom.uz

6.http://www.press-uz.info